**Isinen ceceg ing ngisor iki kanthi milih batangan ing sisih tengen!**

Lani : Aku duwe bedhekan, padha bedheken ya!
Uwis tau padha weruh angin durung? Wernane apa?

Wuri : Hla yaa ora ana warnane, angin hlo ora kena didelok!

Lani : Heh, aku uwis tau weruh ya!

Wuri : Coba warnane apa!

Lani : Warnane ........

Wuri : Waaaa, hla iya bener yen wong kerokan metu angine! Hahaha

Wuri : Gantian aku!
Yen adoh digoleki, yen cerak dilewati. Apa kuwi?

Lani : Apa wur? Aku ra ngerti! Hahaaa

Wuri : Bedheken sik ta! Ra seru kowe!

Lani : Yaa, tak mikir ndhisik!

Sekar : Aku ngerti, bedhekane ...........

Wuri : Nah iyaa bener! Hahahaaaa

Lani : Gentenan aku meneh!
Ula apa sing mlakune lurus?

Wuri : Ula ning game!

Lani : SALAH!!!
Bedhekane .........

Wuri : Wahh, lha ra masuk! HAHAAAAA

Sekar : Aku, aku duwe bedhekan
Kena ngapa yen lampu abang mobil lan motor padha mandheg?

Lani : Amarga yen bablas KETABRAK!

Wuri : Amarga yen bablas nglanggar aturan, mengko dicekel pak polisi!

Sekar : SALAH! Amarga ............ ta! Hahahaaaaa

Wuri : Waaa, hla ya bener! Hahaahaa

Lani : Hoo ya, ora kepikiran!
Iki terakhir, bedheken! Sapi numpak pit ketok apane?

Wuri & Sekar : Ketok ......... HAHAHAA

Lani : Waduh... kebedhek!

Abang

Ungu

Gapura

Lawang

Ula mangan linggis

Ula mangan gulu jerapah

Direm

Dipateni

Ketok buntute

Ketok ndobose

LIVEWORKSHEETS